

Nama: \_\_\_\_\_

Tanggal: \_\_\_\_\_

*Analisisen ukara ing ngandhap menika kagolong fakta utawi opini?*

1. Gunung Gamping iki umure wis luwih saka 50 yuta taun.

Fakta

Opini

2. Dhek biyen, sadurunge entek ditambang, gunung iki dadi sumber watu kapur ing Yogyakarta.

Fakta

Opini

3. Watu gampinge dinyatakake entek kira-kira taun 1950-an.

Fakta

Opini

4. Ing donya, watu kaya mengkono iku mung tinemu ing Inggris saha ing Yogyakarta.

Fakta

Opini

5. Miturut Gerth, adhedhasar panalitene, watu Gunung Gamping iku luwih saka 50 taun.

Fakta

Opini

6. Jenenge kondhang marga saben Sapar, ing kene diadani upacara Saparan kanthi mbeleh bekakak.

Fakta

Opini

7. Kanggone ahli Geologi, Gunung Gamping iku unik jalaran ing donya mung ana loro.

Fakta

Opini

8. Ing sakidule Gunung Gamping iki, ana patilasan kraton Ambarketawang.

Fakta

Opini

9. Cagar alam iki tau dadi rebutan antarane Dinas Pelestarian Peninggalan Purbakala karo Dinas Kehutanan DIY.

Fakta

Opini

10. Nalika jaman Orde Baru, cagar alam kang ambane 1.084 ha iki dipageri nganggo batako saha diwenehi plataran kanggo upacara Saparan.

Fakta

Opini

**Gawea masing-masing 3 ukara fakta lan opini!**

Fakta:

[Dotted line box for writing a fact]

[Dotted line box for writing a fact]

[Dotted line box for writing a fact]

Opini:

[Dotted line box for writing an opinion]

[Dotted line box for writing an opinion]

[Dotted line box for writing an opinion]